Приложение №1 к ООП ООО МБОУ «СОШ №3 с. Ножай-Юрт»

МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

Министерство образования и науки Чеченской Республики

МУ «Отдел образования Ножай-Юртовского муниципального района»

МБОУ «СОШ №3 с. Ножай-Юрт»

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета «Родная литература (чеченская)»

для обучающихся 5– 9 классов

с. Ножай-Юрт 2023г.

Кхеторан кехат

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан Іалашбаран а, кхиоран эшар. 5-9 классашкахь «Ненан мотт а, ненан меттан литература а» предметан декъахь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) меттан литература санна, иза хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин-эстетикин похІмаш кхио а, коьрта гІиллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гІиллакхе-этикин а кхиаран тІегІа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьІна а девзаш, литература Іаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Программо чулоцу кхеторан кехат а, предмет карайерзоран кхочушдан лору жамІаш а, предметан чулацам а, программин хІора дакъа карадерзо билгалдаьхначу сахьташца йолу тематикин планировани а, урокал арахьарчу гІуллакхдаран план а.

Карара программа бух хилла лаьтта авторийн дешаран программаш хІитторехь а, «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет хьоьхучу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархойн белхан программа хІотторехь а. Авторийн а, белхан программаш хІитточара а хьехаран материал къепе йалорехь и Іамо раж къасто а, дакъойн а, теманийн а сахьташ дІасхьадекъа а шен некъ кховдо а мега.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Литература уггаре эвсаре гІирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхолларалин жигараллин стимулятор а йу.

Ненан меттан литература Іаморо дІалоцу личность кхиоран процессехь коьрта меттиг, иштта Іаморо аьтто бо цуьнгахь къонахалла, гІиллакхе амал, кхолларалли похІма кхиорехь, нохчийн халкъан дахаран философи йовзарехь а, карайерзорехь а, иштта доккха гІо до къоначу тІаьхьене къоман исторически зераш дІакховдорехь а. Билггал йолу Іалашонаш кхочушйаран дешаран материал вовшахтоьхна гуманизман критерешца, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллашца, пайдаэцархьама тІекхача йиш хиларца, актуале хиларца, поликультурица, ламасталлин классика а, вайзаманан литература а цхьаьнайарца, тематикин а, жанрийн тайпа башх-башха хиларца догІуш ма-хиллара.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Іаморо таронаш кхуллу дешархочун дешнийн база шорйан, церан къамелан культура, коммуникативни а, тайп-тайпана культурийн компетенцеш а кхио.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» курсан чулацам хьажийна бу дешархойн нохчийн литературин хьашташ кхочушдан, уьш нохчийн къоман культурина тІекхиарехь а, шеца иза Іалашйарехь а ша-тайпана эстетикин гІирсаш хиларе терра.

Дешархошна дешар Іамор коьрта долчу декъана оьрсийн маттахь дІахьучу йукъардешаран учрежденешкахь ненан мотт санна нохчийн мотт Іаморехь, нохчийн литература – иза дешаран предмет йу, нохчийн къоман исторех а, культурех а, ламастех а хаарш схьаэца а, довза а таро луш, иштта иза культурин ша-тайпана йаздархочун кхолларалла толлуш долу дакъа ду, кхечу кепара аьлча, шеца цхьаьна эстетикин гІуллакхдар а долу, йозанан къамелан гІуллакхдар ду; нохчийн литература тІехьажийна йу Іилманан агІонхьара дуьне довзарна а, иштта дешнийн кхолларалли говзарийн мотт бовзарна а, йешаран культурин йукъара башхаллаш карайерзорна а, литературин говзарех кхетарна а, дашца шен амал билгалйаккхарна а, иза, исбаьхьаллин литературас ша-тайпанчу маттахь дуьйций хаийтарх кхетам кхолла а, ткъа литературин мотт йукъарчу меттан шолгІа система санна бу, цо кхуллу личностан синхаамийн дакъа, цуьнгахь ойланца хІуманан кеп хІотто а, ассоциаци йало а, логически ойла йан а, дешаран предмет хьажийна йу оцу дешаран предметехула кхочушхуьлу тІаьхьенера тІаьхьене нохчийн, оьрсийн, дуьненан культурийн оьздангаллин а, эстетикин а ламасташ дІакховдор.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ ІАМОРАН ІАЛАШОНАШ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Іаморо кхочушйан йеза рогІера Іалашонаш:

- нохчийн литературехь эстетикин агІонхьара кхеташ болу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.
- нохчийн литература йовза лааран дог дар кхоллар, нохчийн къоман ширачу заманера схьайогІу культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а Іаморан кха тІе ваккхар, къоман культурин тІаьхьалонна йукъавалор.
- къоначу тІаьхьенехь дІайахначуй, карарчуй, йогІур йолчуй заманийн уьйр ларйан йезаш хиларан кхетам кхиор а, нохчийн къоман культура ларйарехь жоьпалле хилар кхоллар;
- дукха къаьмнаш долчу Россин пачхьалкхехь личностана кхиаме социализаци а, ша шегахь стогалла кхиорна оьшу интеллектуале а, кхолларалин а таронаш кхиайар.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет тІехьажийна рогІера хьесапаш кхочушдан:

- тІаьхьенера тІаьхьене историко-культурни, оьздангаллин, гІиллакхийн мехаллаш дІакховдоран хьокъехь ненан меттан нохчийн литературин маьІнех кхетар;
- ненан меттан нохчийн литературин историца йолу уьйр къастор, нохчийн литературехь йолу къоман ша-тайпана синъоьздангаллин а, материальни а нохчийн къоман культурин исбаьхьаллин шорталлех кхетам кхоллар;
- Россин Федерацин кхидолчу къаьмнийн литературин контекстехь нохчийн литература а кхуьу хилам санна цунах хаарш эцар; уьш вовшийн эр;
- нохчийн литературина бухе диллина культурин а, оьздангаллин а маьІна билгалдаккхар; йешначун хьокъехь мах хадош а, шена хетарг олуш а барта а, йозанца а къамел дан хаар;
- Іер-дахарехь а, дешаран процессехь а нохчийн литературех пайдаэца хаар кхоллар;
- шен мукъачу хенахь йешарна ханна план хІоттор, нохчийн маттахь шена хазахета йешаран говзарш мехала хетар къастор а, бух балор а;
- нохчийн литературин говзарш системехь йешарца дуьне довза а, дуьненахь ша дІалоцу меттиг къасто а, адаман

а, йукъараллин а йукъаметтигаллин гармонизаци латторан а хьашташ кхоллар;

- хаамийн хьостанашца болх бан хаар кхиор, Интернетера а, иштта кхийолчу хьостанашкара хаамашна презентаци йар а, кечйар а.

ХЬЕХАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан программа хIоттийна Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан коьртачу йукъарчу дешаран программи буха тIехь, иза лерина йу дешаран 338 сахьтана. (5 кл. – 68 с., 6 кл. – 68 с., 7 кл. – 68 с., 8 кл. – 68 с., 9 кл. – 66 с.). Программин инвариантивни дакъош Іаморна лерина 296 сахьт ду. Белхан программа вариативни декъана программа хIоттийнчу авторша хаьржинчу говзаршна лерина йолу йешаран хенан резерв лаьтта 54 дешаран сахьтах.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «Халкъан барта кхолларалла», «Нохчийн йаздархойн говзарш», «Кхечу къаьмнийн литература».

ТЕМАТИКИН БЛОКАШ

5 класс

Халкъан барта кхолларалла

Нохчийн халкъан туьйранаш:
«Кхо ваша».

«Тамашийна олхазар».
«Кхо ваша а, саьрмик».
«Доьшуш хилла кІант».
«Барзо Іахарца мохк къовсар».
Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хІетал-металш.

<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>

Литературин туьйранаш

Б. Саидов «Майра кІант Сулима» (дацдина).
М. Мусаев «ЦІен маьхьси».
С. Гацаев «Чкъоьрдиг» (дацдина).
А. Исмаилов «Бирдолаг».

XX бІешаран литература

С. Бадуев. «Зайнди».
М. Мамакаев. «Баппа».
І. Мамакаев. «Садаьржаш».
М. Сулаев. «Ламанан хи.
І. Гайсултанов. «Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» повесть йукъара дакъа).
А. Сулейманов. Стихотворени «Борз ю угІуш».
Х. Саракаев. «Баьпкан чкъуьйриг».
Окуев Ш. «Сан хьоме Нохчийчоь».
І. Ахмадов. «Къонахалла».
Ш. Арсанукаев. «Баьпкан юьхк».
Д. Кагерманов. «ДоттагІалла».
Х. Сатуев. «Лаьмнийн къоналла».

Ж. Махмаев. «Буьйсанан гIулчаш».
В.-Хь. Амаев. «Малх чубаре хьоьжура иза».
Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрикаш, текстаща болх бар.

XXI бIешаран литература

Ш. Рашидов. «Т1амна дуьхьалдовла».
М. Бексултанов. «Ца кхетта хестор».
А.-Хь. Хатуев. «Нохчийн мотт».
1.Гайсултанов « К1анталг»
Хь.Хасаев « Лаьмнашкахь»
Кхечу къаьмнийн литература

М. Лермонтов «Кавказ» (гочйинарг Сулаев М.).

6 класс

Халкъан барта кхолларалла

«Нарт-орстхойн паччахь Науразе».
«Ницкъ болу Солса».
«Гермачигара наьрташ».
«Наьрт-аьрстхой кхерор».

<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>

I. Гайсултанов «Нийса кхиэл». “Барзо амалш ца хуьйцу”.
Х. Сатуев «Ломмий, цхьогаллий».
Х. Ошаев «Чайра».

I. Мамакаев. «Дагалецамаш».
Х. Сайдуллаев. «Ненан бIаьрхиш».
М. Сулаев.«КIанте».
Х. Эдилов. «Ненан безам».
А. Айдамиров. «Вина мохк».
Р. Ахматова. «Ма хала ду цунах кхета».
Х. Саракаев. «Ирсе бIаьрхиш».
Ш. Арсанукаев. «Мохкбегор».
Ш. Окуев. «БIаьсте».
М. Кибиев. «Меттан сий».
М. Дикаев «Къинхетаме Нохчийчоь».
Ш. Рашидов. «Ломара цIе».
Э. Мамакаев. «ХIорд».
Ж. Махмаев. «Iаьржачу баьпкан юьхк».
М. Бексултанов. «Некълацар».
М. Ахмадов. «Телефон».
Эдилов Х. “ Ненан безам”
Ахмадов 1.” Воккха Дада”
Нунуев С.-Хь.” Хьайбаха”

Кхечу къаьмнийн литература

Важа Пшавела. «Хьозалдиг».

7 класс

Халкъан барта кхолларалла

«Дади-юрт».

«Нохчийн шира илли».
«Сай» (халкъан илли).

<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>

М. Мамакаев «Даймехкан косташ».
Б. Саидов. «Вина юрт», «Деган аз».
I. Мамакаев. «Берзан бекхам».
Х. Ошаев. «Иччархо Абухьаьжа Идрисов».
А. Сулейманов. «Шуьнехь дош».
I. Гайсултанов. «Болат-гIала йожар» (дацдина).
А. Айдамиров. «МухIажарш».
Ш. Арсанукаев «Иманах дузийта дегнаш».
М. Кибиев. «Дош».
Окуев Ш. “ Мацалла”.
С. Гацаев. «Дарц».
А. Кусаев. «Амалехь диканиг».
Ш.Рашидов. «Ден весет».
М. Дикаев. «Нохчо ву со».
I. Шайхиев. «ЧIагIо».
А. Бисултанов. «Хьайбахахь язйина байташ».
В-Хь. Амаев. «Генарчу денойн туьйра».
Яшуркаев С. “Напсат”
Мамакаев 1.” Б1аьстенан 1уьйре”
Дикаев М.” Стеган ц1е”.

Кхечу къаьмнийн литература

А. С. Пушкин «Iаьнан Iуьйре» (гочийнарг А. Сулейманов).

Альфонс Доде «ТIаьххьарлера урок».

8 класс

Халкъан барта кхолларалла

«Таймин Биболатан илли».
«Эвтархойн Ахьмадах илли».

<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>

Бадуев С. «Олдум».
М. Мамакаев. «Лаьмнийн дийцар».
М. Сулаев. «Цавевза доттагI».
А. Сулейманов. «Дог дохден цIе»; «Дахаран генаш».
I. Хамидов. «ДIа – коч, схьа – коч».
Ш. Арсанукаев. «Тимуран тур».
I. Шайхиев. «Дарцан буса».
М. Ясаев. «Хьоме йурт»» (дакъа).
С. Яшуркаев. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» (йацйина).
Л. Абдулаев. «Маьлхан каш».
М. Бексултанов. «Дари».
А. Бисултанов. «ДегIаста»; «Халкъан илланчина».
С. Гацаев. «Кавказ»; «БIаьстенца къамел».
Я. Хасбулатов. «Дош» «Стаг хилла ваьллахь хьо ара».
М. Ахмадов. «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош».
Сатуев Х. «Нашхахь».

Кхечу къаьмнийн литература

Ладо Авалиани. «Хьаькхна буц».

9 класс
Халкъан барта кхолларалла

Турпалаллин иллеш «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли».
«Таркхойн кIентан, Жерочун кIентан, Жумин Акхтулин илли».
Туьйранаш, шира дийцарш, аларш.
Шира дийцарш «Къиза Iадат», «Шотойн Аьстамар», «Исмайлин Дуда» Кицанаш, хIетал-металш. Назма/ Динан поэзин жанр (жанрашка хьажар).

<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>

Нохчийн литературин бухбиллархойн (йаздархойн) кхолларалла: I.Дудаевн, М. Сальмурзаевн, I. Нажаевн, Ш. Айсхановн. Поэзига, прозига хьажар.
Ш. Айсханов «Мало-хало».
С. Бадуев. «Бешто».
Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамах лаьцна говзарш.
I. Мамакаев «Дерриге а тIамна», «Даймехкан тIом болчохь», очерк «Турпалчу танкистан доьзал».
М. Мамакаев «И йоьлхуш яц», «КIиллочунна».
М. Сулаев «ГIовтта», «Малх тоьлур бу».
Х. Эдилов «Суьрте», «Кавказан аьрзу», «ТIемало – хьуна».
I. Мамакаев. «Кавказа латта», «ЙоIе», «Даге», «Сайн кIанте», поэма «Нохчийн лаьмнашкахь».
А. Айдамиров «КIант веллачу дийнахь» (дийцар).
М. Сулаев. «Сай»; Сох муха эр ду адам», «ДоIа», роман «Лаьмнаша ца диццо» (кортош).
I.-Хь. Хамидов. «Лийрбоцурш».
С. Гацаев. «Буьйса хаза, буьйса тийна», «БIаьсте кхечи», «ХIай, йоI, делхьа, собарде».

Н. Музаев. «Селима дуьйцу».
С. Курумова «Жарманан некъ».
М. Мусаев «Таймин Бийболат» (роман йукъара кийсакаш).
Р. Супаев. «Вайнехан халкъан иллеш», «Буьйса йу беттасе».
Х. Талхадов. «Шийла дарц цIевзинчохь»,«Сан ненан маттахь ас язйо».
Ш. Окуев «Лайн тIехь цIен зезагаш» (роман йукъара кийсакаш).
М.-С. Гадаев «Даймехкан лоьмашка», «ДоттагIашка».
И. Эльсанов «КIайн коч».
М. Ахмадов «Дечиган тайнигаш».
М. Бексултанов «Сан вешин тIехьийза йоI».
Б. Гайтукаева «Зама», «Хьан цIийнах йара-кха со, Нохчийчоь, хьан цIийнах йара».
М. Айдамирова. «Лаьмнийн хIайкал» (кийсак).
А. Ахматукаев «Машаран хIайкалш» (Айдамирова Машаран «Лаьмнийн хIайкал» романах лаьцначу статьян кийсак).

Кхечу къаьмнийн литература

М.Ю. Лермонтов «Валерик» (кийсак).

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МЕТТАН ЛИТЕРАТУРА» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

Коьртачу школехь «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет Iамор хьажийна ду дешархой рогIера личностни а, метапредметни а, предметни жамIашка кхачарна.

ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программин личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь кхочушхуьлу дешаран а, кхетош-кхиоран а болх дешаран организацехь цхьаьна дIабахьарца. Болх

дІабахьар кхочушдо Россин социокультурни а, синъоьздангаллин а ламасталлин мехаллашца догІуш ма-хиллара. И мехаллаш йукъараллин бакъонаша къобалйина тІе а эцна, цара аьтто бо шен дуьне довзар а, ша шен кхетош-кхиор а лакхадаккхарехь.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программа карайерзоран личностни жамІаш коьртачу йукъарчу дешаран тІегІанехь декхарийлахь ду дешархошна, дикачу мехаллех пайда а оьцуш, куьйгалла а хилла дІахІитта, шайн гІуллакхдарехь гулдина зераш шордан а, церан буха тІехь кхетош-кхиоран гІуллакхдаран хьежамаш кхолла а, цу йукъахь кху декъахь а:

- **гражданалла кхетош-кхиоран:**

гражданинан декхарш а, цуьнан бакъонаш а кхочушйан кийча хилар, бакъонаш а, машар а, кхечу адаман законан бакъонаш ларар; доьзалан, йукъарчу коьртачу дешаран программаш кхочушйечу дешаран организацин, меттигерчу йукъараллин, хьомсарчу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар; цхьана а кепара эсктремизм, дискриминаци тІецалацар; адаман дахарехь тайп-тайпана социале институташа дІалоцу меттигах кхеташ хилар; гражданинан коьртачу бакъонех, машарх, декхарх лаьцна хьежам хилар, социале нормаш а, личностни йукъаметтигаллин бакъонаш а йовзар; коррупцина дуьхьало йан кийча хилар; тайп-тайпана гІуллакхдар нахаца цхьана дан хууш хилар, дешархойн шаьш дечу урхаллехь дакъалаца кийча хилар, гуманитарни гІуллакхаллехь (волонтералла, нахана гІо дар,) дакъа лоцуш хилар а.

- **патриотийн кхетош-кхиоран:**

дуккха а къаьмнаш долчу йукъараллехь Россин гражданин хилар дозалла хетар, ненан мотт Іамор, Россин Федерацин а, шен къоман а, Россин къаьмнийн а истори, культура йовза лууш хилар, шен Даймехкан мехаллаш доккха хІума хеташ хилар: Іилманан, искусствон, спортан, технологин, тІеман а, белхан а хьуьнарш мехала хетар; Россин символаш, пачхьалкхан деза денош, исторически а, Іаламан тІаьхьалонаш, памятникаш, хьомечу пачхьалкхехь дехачу къаьмнийн ламасташ ларар. синъоьздангаллин кхетош-кхиор: синмехаллаш харжа оьшучохь а, оьздангалла харжа эшар нисделлачу хьолехь а нийса харжам бар, шен леларан нийса мах хадо хаар а, нехан леларан мах хадо хаар а, харц леларшна резацахилар; личность индивидаца а, йукъараллица а маьрша, жоьпалле хилар.

- **синъоьздангаллин кхетош-кхиоран:**

искусствон башх-башха тайпанаш а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а ламасташна, кхолларалла а битаме хилар, искусствон синхааме тІеІаткъамах кхеташ хилар, исбаьхьа культура ладаме хетар, Даймехкан а, дуьненан искусствон механлех кхеташ хилар, этносийн культурин ламасташ а, халкъан кхолларалла а маьІне хетар, тайп-тайпанчу искусствошкахь шен меттиг каро хьажар а.

- **физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран:**

дахаран механлех кхетар, шен могашалла ларйар, могашалла ларйеш дахар нисдар (пайде хІума йаар, гигиена ларйар, садаІаран а, белхан а хенан раж ларйар, спорте лелаш йа физкультура йеш хилар); вуон хІуманаш лелор дитар (къаьркъа малар, наркотикаш лелор, тонка озар), иштта кхийолу дегІан а, синан а могашалла талхош йолу хІуманаш цалелор; кхерамазаллин бакъонаш ларйар, иштта интернет-машанашкахь а кхерамазаллин бакъонаш ларйар, стресс хила тарлун хьелашна марзвалар, хийцалучу социале а, хаамийн а, Іаламан а хьелашна а кийча хилар, иштта цу хьокъехь шен дахаран зерех пайда а оьцуш, кхин дІа а шен Іалашонашка дІаэхар;

шена а, кхечарна а бехк билла сиха цавалар;

шен синхаамаш шегахь сацо хаар, кхечеран синхаамийн хьолах кхетар;

стаг гІалат волуш хуьлуш хилар хаар а, шен гІалаташ тІелаца хаар, уьш нисдан деза хьажа везар.

- **къинхьегаме кхетош-кхиоран:**

хьалхахІиттийна декъарш кхочушдан Іалашонца жигара дакъалацар (доьзалехь, гІалин, кІоштан йукъардешаран дешаран организацехь), йукъараллин а, технологически а гІуллакх а, болх а дІаболо, дІахІотто хаар, тайп-тайпана гІуллакхаллин план хІотто а, иза кхочушйан а Іамар, тайп-тайпана къинхьегаман корматаллаш Іамор, корматаллин йукъараллехь дІатарвала, ваза.

- **экологин кхетош-кхиоран:**

йукъараллин а, Іаламан а, Іилманийн а хааршна тІе а тевжаш, гонахьарчу Іаламан хьокъехь хьалхахІуьтту хьесапаш кхочушдан, гонахьарчу Іаламан пайдехь хин долу гІуллакхаш дІадахьа план хІоттор, экологин культурин тІегІа лакхадаккхар, экологин кІорггера проблемаш йовзар, уьш кхочушйан некъаш лахар, гонахьара Іалам бехдийр долу белхашна дуьхьал жигара дакъалацар, Іаламан, технологин, йукъараллин йукъарлехь зІе латтош волу гражданинан маьІна довзар, экологин хьежамашна лерина гІуллакхаллехь жигара дакъалацар.

- **Іилманан мехаллех кхетам:**

вайзаманан Іилманан системехь адам а, Іалам а, йукъаралла а кхиар толлучу хьежамашна тІе а тевжаш, адаман Іаламца а, йукъараллица а йолу зІенаш а, дуьне довзаран гІирс санна меттан а, йешаран а культура карайерзор, талламаш бар Іамар, талламийн зерийн ойла йар, талламаш ша а, коллективана а йукъахь дІабахьар.

Йукъараллин а, Іаламан а хийцалучу хьелашна дешархо марзварехь кхачойеш йолу личностни жамІаш:

Доьшучара йукъараллин зераш карадерзор, шен хене хьаьжжана йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъараллин дахаран кепаш, тобанашкахь, йукъараллашкахь а, цу хьокъехь доьзалехь нийса леларан коьрта йукъараллин меттиг къасто хаар;

билгалдоцу хьелашкахь, кхечеран зерашна, хааршна виллина хиларца доьшучаьргахь зІе латторан хьуьнар хилар;

билгалдоцу хьелашкахь, шен компетенци тІегІа лакхадаккхаран хьуьнар кхиор, ткъа иза кхочушдалур ду практически гІуллакхехула а, цуьнца цхьаьна кхечу адамашка а хьоьжуш Іамар, церан керлачу хааршна тІекхиар;

васташ билгалдахар а, уьш вовшахъэр, керла хаарш карадерзор, цуьнца цхаьна идейн, кхетамийн формулировка йан хаар, объектех, хиламех гипотезаш кхолла хууш хилар, шен хаарийн дефицитех кхетар, шен компетенцин тІегІа довзар, шен кхиаран план хІотто хаар;

коьртачу кхетамех, терминех, чІагІделлачу кхиаран концепци декъехь болчу кхетамех оьшург къасто хаар;

Іаламца, йукъараллин, экономикин йукъаметтиган анализ йар, и йукъаметтигаш къастор;

гонахьарчу Іаламан бечу тІеІаткъамна чот а йеш, Іалашонашна тІекхочуш а, декхарш кхочушдеш а, шен гІуллакхийн, белхийн мах хадо хаар;

дешархошкахь стрессийн ситуацешкахь боха ца боха Іамор, хуьлучу хийцамийн а, церан тІаьхьенех нийса мах хадо Іамор, стрессийн ситуацешна дуьхьало йан йезаш хилар, стрессийн ситуацин мах хадо хаар, йуьхьарлаьцна гІуллакхашна,

хьелашка хьаьжжина, корректировка йан хаар, йуьхьарлаьцначу гІуллакхехь кхиамаш ца хилахь а, воха а ца вухуш, кийча хилар.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМІАШ

Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор:

Коьрта маьІнийн дараш:

объектийн (хиламийн) билгалйолу билгалонаш Іорайахар а, къастор;

классификацин ладам боллу билгалонаш а билгалйаха, йечу анализан жамІ даран а, дустаран а. критерешна а бух бало;

хьалха хІиттийнчу декхаршка хьаьжжана, къастайечу факташкахь хила догІурш а, бІостанехь дерг а билгалдаккха, тергоне эцнарш гайтийта а, хила догІурш а, бІостанехь дерг а Іорадаккхаран критереш йало;

хьалхахІоттийнчу декхарна оьшучу хаамийн дефециташ къастор;

хиламаш а, процессаш а Іаморехь бахьанин-талламан уьйраш къастор, дедуктивни а, индуктивни а ойланехь сецначарах пайда а оьцуш жамІ дар, аналогица догІуш ойланехь сецначун жамІ дар, вовшашца уьйр йолчарах гипотезийн формулировка йар;

дешаран шардаран кхочушдан шен лаамехь некъ лахар (масех вариант вовшах йустар, уггаре гІолехь йерг харжархьама).

Бухера талламан дараш:

довзаран талламан гІирс санна хаттарех пайдаэцар;

догІуш доллу хаттарш хІиттор, шен лаамехь лоьхучу хаамашна жоп лахар;

шена хетачух лаьцна гипотезин формулировка йар, шен хетачун аргументаци йалор;

ша хІоттийнчу планаца талламаш бар, чолхе йоцу эксперимент дІайахьар, талламан объектан башхаллаш билгалйахар, объектийн йукъара бахьанин-талламан уьйраш къастор

Таллам барехь (экспериментехь) схьахиллачу хаамийн бакъхиларх пайдэцаран мах хадор;

дІабаьхьначу талламийн хиллачу зерийн жамІийн ша формулировка йар, хиллачу жамІийн бакъхиларан мах хадоран гІирс бевзаш хилар;

процессаш, хиламаш, церан тІаьхьалонна хила тарлучу кхиаран прогноз йар, ишттачу а, царах терачу ситуацешкахь шен хетарг къасто, керлачу хьелашкахь а, контекстехь а церан кхиаран хетарг хьалха таттар;

Информацица болх бар:

хьалха хІиттийна дешаран декхарш а, т1ейихкина критереш а кхочушйан хьостанашкара информаци, хаам лохуш тайп-тайпана некъех, гІирсех пайдаэца,

харжа, анализ йан, системизаци йан, башх-башха информацин тайпанийн, гайтаран кепийн интерпретаци йан,

цхьаьна йогІу аргументаш лаха (цхьа верси, идей бакъйеш йа харцйеш), шен лаамехь информаци дІагайта йогІуш йоллу кеп харжа, чолхе йоцучу схемашца, диаграммашца, йа кхечу кепара графикица кхочушдечу шардаран иллюстраци йан;

хьехархоша къастийнчу критерешца, йа шен лаамца формулировка йина информаци тешаме хилар къасто;

информаци эвсаре дагахь латто а, системизаци йан а.

Дешаран универсале, коммуникативе дараш карадерзор:

Къамел дар: хетачух кхета а, хетачун формулировка йан, Іалашоне а, къамел даран хьелашка хьаьжжана, эмоцеш гайтар, шена хетарг барта аларца а, йозанан текташкахь а дІагайта, къамел даран невербале гІирсаш бовза, социале билгалонийн маьІнех кхетар, Іотбаккхаме хьелаш кхуллу таронаш йовза, Іотбаккхамаш кІадбан, бартбан, кхечеран Іалашонех кхеташ хила, шеца къамел дечуьнца ларам хила, оьздачу кепехь шена нийса цахетачун формулировка йар, къамел дечу йукъана догІуш долу хаттарш хІиттор, шен лаамехь къамел даран формат харжа, аудиторин башхалле хьаьжжана, къамелана презентаци йан, цуьнга хьаьжжана барта а, йозанан а текстийн гайтаран материал хІоттор.

Шен лаамехь гІуллакх дІадахьар: билггал йолу проблема кхочушйеш болх ша беш а, йа тобанна йукъахь беш а гІолехь долчух кхета а, пайдаэца а, хьалха хІоттийна Іалашо кхочушйарехь тобанца кхочушйан йезаш хиларан бух бало, цхьаьна дечу гІуллакхан Іалашо тІеэца, и кхочушйан дараш тобанца билгалдаха, шайна йукъахь болх дІасхьабекъа, бартбан, процесс а, жамІаш а дийцаре дан, масех адамна хетачун йукъара маьІна даккха, куьйгалла дан кийча хила, тІедилларш кхочушдан, муьтІахь хила, цхьаьна бечу белхан дІахІоттаран план хІотто, цу балха йукъахь хІораннан меттиг

къасто, белхан Іалашонаш вовшашна йукъахь, хІораннан тароне хьаьжжана, дІасхьайекъа, тобанан декъашхошца белхан Іалашонаш йийцаре йан, шен белхан дакъа кхочушдан, ша бинчу белхан мехалла къасто, белхан йуьхьца кхочушхилла долу жамІ дуста, белхан жоьпалле дакъа схьаэца, тобанна хьалха жоп дала кийча хила.

Дешаран универсале, регулятиве дараш карадерзор:

Ша шен къепе хІоттор: дахаран а, дешаран а хьелашкахь нислун проблемаш къасто, сацам тІелоцуш тайп-тайпана некъаш билгалбаха, шардар кхочушдан шен лаамехь алгоритм харжа, дешаран шардар кхочушдан некъ харжа, ша кхийдайечу варианташна аргументацеш йало, Іамочу объектех хиъначу керлачу хаарийн хьесап а деш, кхийдайечу алгоритмана корректировка йан, харжам бан, бинчу сацамна жоьпалле хила.

Ша шен терго латтор: ша шена терго латторан некъаш карадерзо, ша шена мотиваци йан, хьолана богІуш боллу мах хадо, хьал хийца план кховдо, дешаран шардар кхочушдеш, халонийн контекст лара а, халонашна сема хила, хийцалучу хьелашка хьаьжжана, шен сацамна адаптаци йан, кхочушхиллачу (кхочуш ца хиллачу) жамІийн бахьанаш кхето хаа, хиллачу зерийн мах хадо, хиллачу хьолехь пайде дерг къасто, керлачу хьелашка хьаьжжана, гІуллакхаллин йукъа коррективаш йало, гІалаташ къасто, Іалашонан а, хьолан а жамІца богІу мах хадо.

Эмоциале интеллект*:* шен а, кхечеран а эмоцеш къасто а, йийца а, царна урхалла дан, эмоцеш билгалйаха, эмоцеш хиларан бахьанин анализ йан, ша кхечу стеган метта хІотто, кхечун бахьанех, Іалашонах кхета, эмоцеш гайтаран некъан урхалла дан.

Шех а, кхечарах а кхетар: кхечу стагах кхета, цуьнан хетачун ойла йан, гІалат вала / йала шен бакъо хила, изза бакъо кхечун йуйла хаа, ша долу хІума тергонехь латто йиш йоций хаа.

ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

«Ненан меттан (нохчийн) литература» дешаран предметехула йолчу герггарчу белхан программа карайерзоран предметан жамІаша гайта деза:

1) кхин дIа шен кхиарехь ненан меттан литература йешаран а, Iаморан а ладамаллех кхетар; хIокху дуьнен чохь ша вовзаран а, дуьнедовзаран а гIирс санна систематически йешар оьшуш хиларан хьашташ кхоллар, адаман а, йукъараллин а йукъаметтиг тайар, массо а агIор диалог йар;

2) ненан меттан литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран ша-тайпа некъ хиларх кхетар;

3) культурин самоидентификаци латтор, шен къоман культурин тоьлла говзарш Iаморан буха тIехь ненан мотт Iаморан коммуникативни-эстетикин таронех кхетар;

4) шен хетарг аргументашца дIаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор;

5) тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Iамо кхиор;

6) Iилманан а, гIуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Iамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар;

ЖамI: доьшуш верг кхета йешаран маьIналлех а, ладамаллех а, йешарна а марзло, тайп-тайпана говзарш йешаран зедалар хуьлу.

Нохчийн литература халкъан къоман-культурин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран ша-тайпа некъ хиларх кхетар

ЖамI: доьшуш верг кхеташ хуьлу нохчийн литературехь къаьста нохчийн къоман менталитет, цуьнан истори, дуьненах кхетар, литературо адаман дахаран оьшу коьрта маьIнаш довзуьйтий а.

Нохчийн фольклоран а, кхечу халкъийн фольклоран а, XX бIешаран нохчийн йаздархойн, XXI бIешаран йуьххьерчу йаздархойн литературин а, Россин халкъийн литературин а Iамийнчу говзарийн коьртачу проблемах кхетар, литературин вастех кхетар, эстетически хьежам кхоллар, литературин исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гIирсаш

бевзаш хилар, оьздангаллехь ша къастор, Россин халкъан культурин говзарийн а, нохчийн халкъан культурин а, дуьненан кхечу къаьмнийн, дуьненан культурин а говзарш Іаморехь нохчийн меттан таронаш кІезиг цахиларх кхетар а.

ЖамІ: адамийн йукъара проблемаш йовзарехь зедалар хуьлу доьшуш волчунна, нохчийн литературин меттан таронех пайдаоьцуш, и проблемаш йийца а Іема.

Литературин говзаршна анализ йан хаар, уьш муьлхачу жанрийн тайпанех йу къасто хаар, литературин говзаран теманах а, идейх а, гІиллакхе пафосах кхета а, кхолла а, турпалхойн амалш билгалйаха, цхьана йа масех говзарийн турпалш вовшашца дуьхьалхІотто, тексташа йукъара цитатех а, нохчийн меттан суртхІотторан гІирсех а пайдаоьцуш, прозийн говзарийн йа церан дакъош схьадийца хаар, ладоьгІначу а, йешначу а текстех лаьцначу хаттаршна жоп далар, тайп-тайпанчу аларийн барта монолог йан, диалог дІайахьа, нохчийн литературин шена хета мах хадор, шен хетарг аргументашца дІаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хІуманан хьесап доккхуш, къамел дан Іамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хІоттор;

ЖамІ: доьшуш волчунна карадоьрзу литературин говзарийн анализ йар а, интерпретаци йар а, къамелаца и дІахІотто а, шена хетачунна аргументаци йан а, шениг чекхдаккха хаа а, ша йеша леринчу литературин го къасто а.

Тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Іамо кхиор; литературин говзарийн эпохаца йолу зІенех кхетар, цо шена чукъуьйлу оьздангаллин мехаллаш билгалйахар, нохчийн а, оьрсийн а литературин, культурин синъоьздангаллин мехаллашна тІаьхьа вазар/йазар а, Іамийнчу литературин говзаршна шениг (цкъацкъа) интерпретаци йар.

ЖамІ: доьшуш верг Іема нохчийн литературин а, нохчийн матте гочйинчу а говзарех кхета.

Тайп-тайпана литературин жанрийн говзарш барта схьайийцарх кхетар а, Іамийнчу говзарийн тематикица йоьзна сочиненеш а, изложенеш а йазйар, кхолларалин цІеран белхаш а йаздар а, литературин а, культурин а теманашна рефераташ йазйар, говзаршкахь сюжетан элементаш, композици, исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гІирсаш къастор а, говзаран идейн-исбаьхьаллин чулацам белларехь долчу церан маьІнех кхетар (филологин агІонхьара анализ йаран элементаш), литературин говзаран анализ йарехь литературоведчески терминологи йевзаш хилар, авторан

позицех кхетар, Іилманан а, гІуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Іамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар.

ЖамІ: доьшуш волчо карадерзадо, маьІна а доккхуш, диканиг къастош, йешар, текстах кхета, кхечу тайпанийн текстех къасто Іема, интеллектуальни ойла йарца йешаран хьокъехь хиллачу дуьххьарлера синхаамашка йухахьажар.

Классийн предметийн жамІаш

5 класс:

- Россин кхидолчу къаьмнийн культурешца йолчу диалоган контекстехь нохчийн къоман оьздангаллин мах хадо таро лун нохчийн халкъан а, литературин а туьйранийн, кицанийн проблематика билгалйаккхар, говзаршкахь Даймахках а, Іаламах а лаьцна чукъуьйлу ойланехь нохчийн къоман культурин а, оьздангаллин а коьртачу мехаллех кхетар.
- Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн фольклоран а, литературин а, культурин а хазнех йуьхьанцара сингар хилар, говзаршкахь доьзалийн мехаллашкахь къаьстачу нохчийн халкъан ламастех кхетам хилар;
- нохчийн халкъан амалх а, нохчийн меттан а, къамелан а башхаллех йуьхьанцара кхетам хилар;
- тІехьажадечу хаттарийн буха тІехь фольклоран а, литературин а текстан маьІнин анализ йан хаарш хила; хьехархочун куьйгаллица хаттаршна жоьпаш лучу форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхІитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Іама.
- проектни-талламан гІуллакхаллин хьокъехь йуьхьанцара сингар хила, цуьнан жамІаш и дІадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан хаарш хила а.

6 класс:

- Кхидолчу тайп-тайпана къаьмнийн турпалаллин эпосца йолчу диалоган контекстехь нохчийн къоман оьздангаллин

мах хадо таро лун нохчийн иллин (эпически эшарийн), наьрт-аьрстхойн дийцарийн, туьйранийн а, нохчийн литературин проблематика билгалйаккхар, тематикин а, проблематикин а, вастийн а тIегIанехь царна йуккъехь зIе таса;

- Даймехкан Iаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;
- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх, «йахь», «сий», «Даймохк безар», «баккхийнаш ларар», царах терра долу нохчийн къоман гIиллакх-оьздангаллин координатех долу кхийолчу мехаллех а, нохчийн меттан а, ненан меттан къамелан хазнех йуьхьанцара кхетам хила,
- тIехьажадечу хаттарийн йа кховдайечу плана буха тIехь фольклоран а, литературин а текстан маьIнин анализ йан хаарш хила, хаттаршна жоьпаш лучу форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, поэтически текстан анализ йан а, турпалхочун амал къасто а, хьехархочун куьйгаллица, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхIитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Iама.
- проектни-талламан гIуллакхалла дIадахьа йуьхьанцара говзалла хила, цуьнан жамIаш дIадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

7 класс:

- нохчийн халкъан эшарийн (исторически, лирически) проблематика билгалйаккха, ша-тайпана башхаллех кхета, нохчийн халкъан оьздангаллин мах хадорехь нохчийн литературин фольклоран сюжеташ а, мукъамаш билгалбаха,

Даймехкан Iаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;

- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх а Даймохк ларбарх лаьцна йолчу говзаршкахь нохчийн патриотизман бухах а, доьналлех а,

баккхийчеран проблемех а, нохчийн меттан а шатайпаналлех кхетам хила;

- кховдайечу плана буха тIехь фольклоран а, литературин а текстан маьIнин анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йешархочунна, вайзаманхочунна авторо беш кхайкхам санна лара, турпалхойн васташ дустаран форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, проблемин хаттаршна жоьпаш дала, хьехархочун куьйгаллица исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхIитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Iама.
- проектни-талламан гIуллакхалла дIадахьа хаа, цуьнан жамIаш дIадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

8 класс:

- нохчийн халкъан оьздангаллин мах хадо таро лун тайп-тайпана жанрийн говзарийн проблематика а, оьздангаллин ша тайпа башхалла билгалйаккха, Даймехкан Iаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;
- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх кхетам хила, нохчичо къоман синкхетам ларбеш хиларх а, кхиаран мур хала хиларх а, нохчийн поэзин маттах а кхетам хила;
- фольклоран а, литературин а текстан оьздангаллин анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йешархочунна вайзаманхочунна авторо беш кхайкхам санна лара, йаьржина историко-культурин комментареш а, эпизодан анализ йаран форматехь шен тексташ а кхолла, проблемин хаттаршна жоьпаш дала, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхIитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Iама.
- проектни-талламан гIуллакхалла дIадахьа хаа, цуьнан жамIаш дIадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

9 класс:

- проблематика къасто а, нохчин къоман оьздангаллин идеалех болу кхетам кхиорхьама тайп-тайпана жанрийн а, муьрийн а говзарийн эстетически шатайпаналлех кхета, исбаьхьаллин дешан материала тIехь нохчийн къоман синкхетаман коьртачу культурин а, оьздангаллин а маьIнех кхета;
- Россин къаьмнийн культурийн контекстехь нохчийн литературин а, культурин а синъоьздангаллин а, культурин-оьздангаллин а мехаллех кхеташ хила;
- исбаьхьаллин говзаран кепан а, чулацаман цхьаалла ойла йеш тIеэцар, шен йешархочун ассоциацийн тIегIа дIахIоттор, исбаьхьаллин текстан эстетически анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йаьржина историко-культурин комментареш а, тайп-тайпанчу форматехь йаран форматехь шен тексташ а кхолла, исбаьхьаллин искусствон говзарш дуьхьалхIитто а, ша а шен цIахь йеша говзарийн гуо кхолла а, исбаьхьаллин литература йешаран перспективе йолу Iалашо къасто а;
- проектни-талламан гIуллакхалла кхочушдан, цуьнан жамIаш дIадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

9 классан арахецархочунна хаьа:

1. Говзаран тема а, коьрта ойла а, коьрта Iоттабаккхам а къасто (5-6 классаш);
2. Сюжет йухайийца, фабула йаккха, йухайийцаран тайп-тайпана гIирсех пайдаэца а (5-6 классаш), композицин башхаллаш билгалйаха а(6-7 классаш);
3. Персонажаш-турпалхойн амалийн сурт хIотто, церан дустаран башхаллаш йало (5-6 классаш), персонажийн системина мах хадо (6-7 классаш);
4. Йаздархочун кхолларалли амалца богIу коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гIирсаш лаха, церан исбаьхьаллин функцеш билгалйаха (6-7 классаш), йаздархочун меттан а, хотIан а башхаллаш къасто (8-9 классаш);
5. Исбаьхьаллин говзаран жанрийн, тайпанийн специфика билгалйаккха (7-9 классаш);
6. Говзарийн оьздангаллин-философин а, йукъараллин-исторически а, эстетически а проблематикех гар кхето (8-9 классаш);

7. Говзаршкахь исбаьхьаллин элемента къасто а, царна йукъара уьйр гучайаккха а (5-7 классаш); тайп-тайпана жанрийн литературин говзарийн анализ йан (8-9 классаш);

8. Турпалхошца а, хиламашца а йолу авторан йукъаметтиг билгалйаккха (хIора классехь шен тIегIане хьаьжжана);

9. Коьртачу теоретикин-литературин терминех а, кхетамех а пайдаэца (хIора классехь – оцу классехь Iамийнчу терминех пайдаэца хаар);

10. Исбаьхьаллин говзаре йолу шен йукъаметтиг дIахаийта; шена хетачун аргументаци йан (х1ора классехь – шен т1ег1ане хьаьжжана);

11. ХIиттийнчу хаттаршна шуьйра барта йа йозанан жоп дала (хIора классехь - шен тIегIане хьаьжжана), дешаран дискуссеш дIайахьа (7-9 классаш);

12. Сочинени, эссе, хьалхе кхайкхийнчу литературин йа публицистикин темина леринчу проектана материал лаха, карийна информацех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжана);

13. Исбаьхьаллин литературин говзарш исбаьхьа йеша, говзаре йолу шен йукъаметтиг а дIа а гойтуш (5-9 классаш);

14. Дешаран хаамийн хьаьрмехь оьшург лаха хаа (7-8 классаш) энциклопедешца, дошамашца, справочникашца, леринчу литературица болх бан (8-9 классаш), библиотекин каталогех, библиографически гойтургех, Интернет лахаран системех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжина).

НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

5 КЛАСС (68 сахьт)

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цІераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс.
		Деъан сахьтан	Талламан белхаш	Кхолларалли н белхаш	
	Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла				
1.1.	Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша» «Тамашийна олхазар».«Кхо ваша а, саьрмик». «Доьшуш хилла кІант. «Барзо Іахарца мохк къовсар». Малые жанры фольклора: пословицы, загадки. Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хІетал-металш. Нохчийн халкъан туьйранаш. Туьйранаш кхаа тобане декъар: Іер-дахаран, тамашийна, дийнатех лаьцна туьйранаш. Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша». Тамашийнчу туьйранийн элементаш. Іер-дахаран темица догІу туьйра «Тамашена олхазар». Туьйранан йукъараллин мукъамаш. Миска нах а, элан тайпанан нах а дуьхь-дуьхьалхІиттор. «Борз а, Іахар а» - дийнатех лаьцна туьйра. ХІокху тайпана туьйранашкахь персонажаш йукъахь цІейаххана персонаж цхьогал хуьлу.Цхьогал нохчийн туьйранашкахь шина агІор гойту. Цхьадолчу туьйранашкахь иза мекара, хІиллане экха, аьшпанча, хьесталург санна гахь а, ткъа кхечу туьйранашкахь - иза хьекъале, хІуманна кархдолуш тІах-аьлла дийнат ду. Ча а, Борз а, мелхо, - сонта, Іовдал, кІиллу ду. Дукхахьолахь, уьш цхьам-цхьамма Іехийна, кхерийна уьдуш йа дойъуш нисло. Лом а, ЦІоькъалом а туьйранашкахь уггаре нуьцкъала дийнаташ санна гойту, церан вастехь къаьста къиза Іазапхо. Цара олалла до массо а дийнаташна тІехь.	11	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Дийнатех лаьцначу туьйранашкахь аллегори йалорца гойту адамийн кхачамбацарш. Цу меттигашкахь дийнатийн леларех пайдаоьцу адамийн амалшкахь долу анташ, сиркхонаш Іорайохуш. Иштта йолчу говзаршкахь коьрта долчу декъана, юмор, ирони хуьлу. Литературин теори: фольклор, фантастикин элементаш, туьйранийн поэтика (терминаш ца йалош), туьйра жанр санна, туьйранийн тайпанаш, туьйранийн композици, дустарш, йухааларш, дІадолор, чаккхе, туьйранийн кульминаци, гипербола, эпитет, туьйранийн варианталла.				
Дерриг:		**11**	**0**	**1**	
Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш					
2.1.	**Литературин туьйранаш:** Саидов Б. «Майра кІант Сулима» (дацдина). Хьанал къинхьегам а, дикалла а, адамийн дахарехь оцу кхетамийн маьІна, хьолахойн саьхьаралла а, мекаралла а йемалйар. Туьйранехь йолчу догдикалла а, къинхетам а, оьздангалла а хастор. Мусаев М.«ЦІен маьхьси» Хьекъал мекараллел а, сонталлел а лакхара хилар тІечІагІдар. Нахана даьккхинчу оьрна чу ша вужу. Цунах терра долчу оьрсийн туьйранца уьйр. Туьйранехь йолу юмор. Гацаев С. «Чкъоьрдиг» (дацдина). Халкъан васта буха т1ехь кхоьллина туьйра. Чкъоьрдигаца жоьра-бабин къийсам -дахар дуьхьа къийсам. Жоьра-бабин т1ехь баьккхина толам а, шена т1ехь баьккхинарг а. Исмаилов А. «Бирдолаг». Туьйранан философин маьІна. Туьйранехь цакхооран а, тешаме хиларан а тема. Туьйранан цхьайолчу персонажийн шех бІобулуш хиларан амал йемалйар. Сен ницкъ, майралла, догдикалла, оьздангалла, цхьогаллан хІилла, бирдолагийн шалхалла. Дикано вуо эшор. Литературин теори: Литературин туьйра. Халкъан туьйранах литературин туьйра къастар, фантастикин элементаш, гипербола, эпитет, туьйранийн варианталла, диалог, монолог, туьйранашкахь йолу оьздангаллин кепаш	9	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.2	**XX бІешаран литература:**	33	1	2	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/

	Бадуев С. «Зайнди» (дийцар). Дийцарехь болу оьздангаллин кхетамаш, дийцаран сюжет а, вастийн система а.Мамакаев М. «Баппа» (дийцар). Литературин теори: дийцаран жанр, сюжет, васт. Лаха-Невре I. Мамакаевн музей чу виртуальни экскурси йар. Мамакаев I. «Садаьржаш» (стихотворени). Сахилар гайтарехь йаздархочун говзалла. Сулаев М. «Ламанан хи» / « (стихотворени). Йаздархочун биографи. Жимачу а, боккхачу а Даймахке безам кхиор. Гайсултанов I. «Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» цIе йолчу повеста йукъара кийсак). ТIеман шерийн трагеди. Нохчийн къоман исторически дIадахнарг. Сулейманов А. «Борз йу угIуш» / (стихотворени). Олхазаран-КIотара Сулейманов Ахьмадан музей чу виртуальни экскурси йар. Шегахь нехан гIуллакхе хьажаран гIиллакх а, догдикалла кхиор. Саракаев Х. «Баьпкан чкъуьйриг» / (дийцар). Йалтийн тIалам бан безаран ойла тIечIагIйар. Окуев Ш. «Лаьмнашкахь суьйре». «Лаьттан дай» цIе йолчу гулар йукъара). Даймахке а, Iаламе а безам кхиор. Поэтан исбаьхьаллин говзалла. Литературин теори: пейзаж, эпитет, аллитераци (гайтар кхиор). Ахмадов I. «Къонахалла» / (дийцар). Кхиазхочун амал дIахIоттар, ша шена тIехь толам. Арсанукаев Ш. «Баьпкан йуьхк» / « (стихотворени). Вовшашца къинхетаме хиларе кхайкхам, Iаламо лучунна а, адаман къинхьегамна а тIалам бар, Кагерманов Д. «ДоттагIалла» / (дийцар). Бераллехь дуьйна кхетош-кхиор оьшуш хилар. Сатуев Хь. «Лаьмнийн къоналла» (стихотворени). Iалам поэтан кхетамехь а, исбаьхьаллин гайтарехь а. Махмаев Ж. «Буьйсанан гIулчаш» / (дийцар). Беран синдуьне. Кхиазхочун кхиарехь драматически момент а, мах боцу зедалар а. Амаев В.-Хь. «Малх чубаре хьоьжура иза» (дийцар). Диц ца лун шераш. Махкахдахаран сингаттаме суьрташ. Беран чоьхьарчу дуьненан гайтаран говзалла.				https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Дикаев М. «БІаьстенан аматаш (стихотворени). Іаламан хазалла. Исбаьхьалла. Эстетика а, этика а (Іалам а, къинхьегам а хастор). Литературин теори: дустар, эпитеташ, метафораш, пейзаж. Ахмадов М. «Ушурма волчохь, хьошалгІахь» (дийцар). Шайх Мансуран йуьхьшано нохчийн историехь дІалоцу меттиг Турпалхочун синъоьздангаллин амат. Къинхетаман а, доглазаран а тема тІамна а, машарна а дуьхьалхІоттор. Берий оьмарехула историн хиламаш йухаметтахІоттор. Говзаран самукъане дІадолор.				
2.3	**XXI бІешаран литература:** Рашидов Ш. Стихотворени «Нана-Нохчийчоь». ТІом дІабаьллачул тІаьхьа Нохчийчоь меттахІоттор. ГІаланаш, йарташ йухаметтахІоттор. Республикин бахархойн сирла йаххьаш. ТІекхуьу чкъор шен къоман синмехаллашна марздар. Стихотворенин ритм синъайъаме хьал гайтаран гІирс санна. Бексултанов М. «Цакхетта хестор» (дийцар). Іаламан дуьне тІалам беш йукъаметтиг латторан хьашт. Хатуев І.-Хь. «Нохчийн мотт»/ (стихотворени). Адаман дахарехь ненан меттан дешан, ненан меттан къамелан хазалла. Хандешан кепийн шорталла. Ритмикин а, рифмин а башхалла. Литературин теори: ритм, рифма. Мусаев С.М. «Хьайбанан чам»/ (дийцар). Депортацехь нохчийн доьзалан халачу дахарх лаьцна дийцар. Бер доккха хилар. Берийн журнал «СтелаІад»: журналан специфика, жанраш, рубрика, текстаща болх бар.	7	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**49**	**2**	**3**	
Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература					
3.1.	М. Лермонтов «Кавказ» (гочйинарг Сулаев М.)	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyntezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

Дерриг:		**2**	**0**	**0**	
Дакъа 8. ЖамIдаран таллар					
8.1	Сочинени	2	0	2	
8.2	Проект	2	2	0	
8.3	Контрольни болх /Тестировани/	1	2	0	
8.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1	0	0	
Дерриг:		**6**	**2**	**4**	
Программица сахьтийн барам		**68**			

6 КЛАСС (68 сахьт)

№ п/п	**Программин дакъойн а, темийн а цIераш**	**Сахьтийн барам**			**Электронни дешаран ресурс.**
		Декъан сахьташ	**Талламан белхаш**	**Кхолларалин белхаш**	
	Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла				

1.1.	«Нарт-орстхойн паччахь Науразе» / «Ницкъ болу Солса», «Гермачигара наьрташ», «Наьрт-аьрстхой кхерор». Исторехь баьхначу наха лелийнчу гІуллакхех, историн хиламех лаьцна дийцарш. Турпала меттигех лаьцна дийцарш (йурт, лам, дукъ). Наьрт-аьрстхойх лаьцна дийцарш. Халкъо наьрт-аьрстхойшца латтийна къийсам. Латта къуьйсуш къоман векалша наьрт-аьрстхойшца латтийна психологически а, хьекъале а къийсам. Литературин теори: наьртийн эпос, гипербола, дустар, синедерзор, йухааларш.	7		1	https://desharkho.ru http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**7**		**1**	
Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш					
2.1.	Гайсултанов І. «Нийса кхиэл», «Барзо амалш ца хуьйцу» (басня). Йукъараллин проблематика. Бакъдерг – лекха ду харцдолчул. ДогцІеначу белхахочун хьекъал а, кхетам а. Сатуев Хь. «Ломмий, цхьогаллий» / (басня). Баснийн дидактикин хьажам. Баснешкахь адаман синсакхталлаш Іорайахар. І. Гайсултановн, Х. Сатуевн, И. Крыловн. баснийн цхьатералла а, белла а. Баснийн сюжет. Мораль. Аллегори. Литературин теори: баснин жанр,аллегори, мораль. Баснин персонажаш.	4		1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.2	Ошаев Х. «Чайра» (дийцар).Шен Даймахках, ден кхерчах къастийнчу турпалхочун безам. Литературин теори: литературин турпалхо. Мамакаев І. «Дагалецамаш». Поэтан Іаламе болу безам. ЙогІур йолчу хазачу заманах лаьцна ойланаш, синхаамаш. Литературин теори: поэмин жанр, автобиографин говзар. Сулаев М.«КІанте» (стихотворени). Къоман Іадаташна тешаме хила. Сий, собар, дош лардар кхиор.	7			https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.3	Сайдуллаев Х. «Ненан бІаьрхиш» / (поэма). Даймохк ларбар – стеган деза декхар. Сийн а, оьшучун а проблема йеллар. КІентан а, ненан а доьналла.	8	1		https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Эдилов Х. «Ненан безам» (стихотворени). Дахаре, Іаламе, нене болу поэтан безам. Саракаев Хь. «Ирсе бІаьрхиш» (дийцар). Ненан безаман ницкъ сийлахь хилар тІечІагІдар. Доьзалехь йолу йукъаметтигаш.				
2.4	Джунаидов А. «Белхи». (дийцар). Дийцарехь йаздина гойту цІа деш а, йалта гулдеш а иштта кхин дІа долчу гІуллакхашкахь белхи баран ламастан маьІна. Къинхьегаман а, вовшийн гІо даран а тема. Оьздангаллин категореш: догдикалла, къинхетам. ТІаьхьенийн уьйр. Литературин теори: Турпалхойн къамел даран башхалла. Сюжет (йуьхьанцара гайтар). Айдамиров А. «Вина мохк» Меската Айдамиров Абузаран цІийнан музей чу виртуальни экскурси йар. Шен Даймахках воккхаверан синхаам кхиор. Даймохк дарба хиларх тешар а, ирс а, Даймохк а цхьаьнадозуш ду. Литературин теори:: эпитет, метафора, инверси.	5		1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.5	Ахматова Р. «Ма хала ду цунах кхета» (стихотворени). Іаламах самукъадалар. Шен дай баьхначу латтах воккхаверан синхаам кхиор. Арсанукаев Ш. «Мохкбегор» «(стихотворени). Шен махкахь бохам хиллачарна лирически турпалхо гІоьнна ван кийча хилар.	5			https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.6	Окуев Ш. «БІаьсте» (стихотворени). Даймехкан суьрташ. Даймахкаца боьзна поэтан синхаамаш. Литературин теори:: синедерзор, инверси. Кибиев М. «Меттан сий» (стихотворени). Ненан меттан маьІна. Меттан ницкъ а, сий а. Ненан маттах воккхавер кхиор. Дикаев М. «Сан бахам». (стихотворени). Дахаран маьІнех а, оьздангаллин мехаллех а, йуьхьшен синъоьздангаллин дІахІоттамехь поэзин а, лиро-эпически эшарийн иллин а маьІнех а йолу поэтан ойланаш. Литературин теори:: метафора, исбаьхьа гайтаран гІирсаш.	7			https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

2.7	Рашидов Ш. «Ломара цІе» (стихотворени). Дайн доттагІаллина а, ламасташна а тешаме хилар. Харжам баран бакъо. Мамакаев Э. «ХІорд» (стихотворени). Стихотворенин философин маьІна. Дахаран маьІнех лаьцна лирически турпалхочун ойланаш а, синхаамаш. А. Пушкинан а “К морю” стихотвореница Э. Мамакаевн стихотворени йустар. Махмаев Ж. «Іаьржачу баьпкан йуьхк». Дакаев С. «ТІамех ловзар” (стихотворени) Берийн ловзаран кепехь а тІом цабезар. Машаре кхайкхар.	6		1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.8	Бексултанов М. «Некълацар» / (дийцар). ТІекхууьчу чкъуро ламасташ дІатасар. Баккхийчеран а, къоначеран синъэкамалла. Къоман ламасташ лардарх а, лелорх а лаьцна къамел. Ахмадов М. «Телефон» (дийцар). Жимачу турпалхочун дахар а, дуьне а, доттагІчун гІо дан кийча хилар. Берийн а, баккхийчеран а йукъаметтигаллин проблема.	5			https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.9	Мусаев С. «Даймахке боьду некъ». (дийцар). Даймехкан тема. Сахьийзар. Генарчу махкахь а шен орамаш бицбала йиш цахилар. Нехан мохк берийн бІаьргашца. Деден а, ден а дийцарийн гІоьнца ширачу замане экскурс йар, тІекхуьучу чкъуран баккхийчаьрца йолу уьйр. Адамийн йукъара а, къаьмнийн а механлаш. Тайп-тайпана къаьмнийн ламасташ дустар. Культурин диалог. Курумова С. «Шовданехь». (дийцар). Халонаш эшор. Амалан къарцайалар, доьналла кхиор. КІентан а, жІалин а йукъахь долу доттагІалла, тешам.	6	1		https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**53**	**2**	**3**	
Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература					
3.1.	Важа Пшавела. «Хьозалдиг». / (дийцар).	2			https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**2**	**0**	**0**	
Дакъа 8. ЖамІдаран таллар					

8.1	Сочинени	2		2	
8.2	Проект	2	2		
8.3	Контрольни болх /Тестировани/	1	2		
8.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1			
Дерриг:		**6**	**3**	**4**	
Программица сахьтийн барам					

7 КЛАСС (68 сахьт)

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цIераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс.
		Декъан сахьташ	Талламан белхаш	Кхоллараллин белхаш	
	Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла				
1.1.	«Дади-йурт». «Нохчийн шира илли». «Сай» (халкъан илли). Турпала йурт ларйарх а, халкъан бIахойх лаьцна турпалаллин илли. ГIарабевлла бевзачу иллиалархоша олу иллига ладогIар. Исторически факташ йустар. Эшаран коьрта мукъам гучабаккхар. Паччахьан заманера халачу а, сингаттамечу а дахарх лаьцна лирически эшарш. Литературин теори: исторически эшар, лирически эшар, синедерзор.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**4**	**0**	**0**	
Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш					
2.1.	Мамакаев «Даймехкан косташ» (стихотворени). ТIекхуьучу тIаьхьенна весет. ТIехьа-Мартана М. Мамакаевн цIийнан музей чу виртуальни экскурси йар.	3	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.2	Саидов Б. «Вина йурт» «Деган аз» / (стихотворени). Б. Саидовн поэзехь граждански мукъамаш. Даймахкана сатийсаран мукъамаш дIакховдор. Ошаев Х. «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» / (очерк).	6	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Сийлахь Даймехкан тIеман турпалхочун дагалецамаш а, бIаьхаллин хьуьнарш а.				
2.3	Мамакаев I. «Берзан бекхам» / (стихотворени). Нана-берзан сахьийзар а, адамийн къизаллина бекхам бар а.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Сулейманов А.. «Шуьнехь дош» / (стихотворени). Стихотворенехь ойла айъаран мукъамаш. Нехан дуьхьа шен са дIадала кийча волчу лирически турпалхочун васт. Стихотворенин аллегорически маьIна. Литературин теори: тропаш, олицетворени, аллегори, метафора.	4	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Гайсултанов У. «Болат-гIала йожар» / (дацдина). Ширачу заманахь ламанхойн луьра дахар гайтар. Зуламхошца а, мохкдIалецархошца а халкъо латтийна къийсам. Историн уьйр. Литературин теори: историн повестан жанр.	5	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Айдамиров А. «МухIажарш» («Йеха буьйсанаш» романа йукъара кийсак). «МухIажарш» кийсакан йешар а, йийцаре йар а. Нохчийн литературехь Даймехкан тема. Даймохк дарбане хиларан тешам. Паччахьан Iедалан мекаралла, Iехийнчу мухIажаршкахь болу къаьхьа бала. Меската А. Айдамировн цIийнан музей чу виртуальни экскурси йар. Теория литературы: литературин турпалхо а, символ а.	5	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Арсанукаев Ш. «Иманах дузийта дегнаш». Дог цIандаран некъа воккху/йоккху доIанан синан ницкъ. ТIамо беринчу махке сатийсар гайтар. Кибиев М. «Дош» (стихотворени); «Зов» (басня). Дашана гимн. Дешан маьIна: дашца сийсазвало/сийсазйало, дашца вазвало/йазйало. Баснин мораль. ХIиллано эшийна моттаргIа.	4	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Нунуев С.-Хь. «Юнус» (дийцар). Къинхетам, де доьхначунна гIо дар, дикалла.	4	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/

	Джунаидов А. «ХIоьънаш»./ (дийцар). Нохчийн эвланан Iер-дахар гайтар. Къинхьегаман тема. Нохчийчохь а, баккхийчу нехан иэсехь а Кавказан тIеман лараш. Баккхийчу нехан а, тIекхуьучу тIаьхьенан а уьйр. Литературин теори: Символ. Композици.				https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	С. Гацаев. «Дарц»/ (стихотворени). Поэтан поэзехь адам а, Iалам а. Дарц хьоькхучу йукъана йоьIан символически васт. А.С. Пушкинан а поэзера дарцаца С. Гацаевн дорцан васт дустар. Литературин теори: эпически и лирически. Кусаев I. «Амалехь диканиг» / (стихотворени). Къоман этнографин ламасташ. Беран дика амал кхиорехь ден-ненан меттиг.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Рашидов Ш. «Ден весет» (поэма). Исбаьхьа кхоьллинарг а, биографически мукъамаш а. ТIекхуьучу чкъурехь хила йеза оьздангаллин мехаллаш. Халкъана а, Даймахкана а хьалха долу декхар. Литературин теори: автобиографин поэма.	3	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	М. Дикаев. «Нохчо ву со» (стихотворени). Кхечу къоман векалшца машарехь, доттагIаллехь ваха / йаха кийча а, царна эшначохь гIоьнна ван / йан кийча волчу / йолчу йахь йолчу а, маьршачу а нохчичун васт. С. Дакаев. «Куйно хотту». Нохчийн дуьнегарехь холхазан куйнан маьIна. Ламасташ довзар.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	А. Шайхиев. «ЧIагIо» (баллада). Баллада лиро-эпически жанр санна. Балладин оьздангаллин пафос. Тешаме доттагI – онда гIап. Дош делли – кхочушде. Литературин теори: балладин жанр.	2	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	А. Бисултанов. «Хьайбахахь йазйина байташ»» (стихотворени). Бехк-гуьнахь доцуш хIаллакбинчарна гимн. Даймахка цIабоьрзучеран ойланаш а, сатийсамаш а.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Амаев В-Хь. «Генарчу денойн туьйра» (дийцар). Дайн ламасташна тешаме хилар. Ден доттагIчо 14 шо кхаьчначу кIантана шаьлта даларан маьIна а, цул тIахьа цунна тIедужуш долу жоьпалла а. Декхарна тешаме хилар. Бексултанов М. «Генара а, гергара а денош» (дийцар)/ Доьзалан а, йуьхьшен кхиоран тема. Баккхийчеран а, кегийчеран а доладар. Вежаршна йукъара йукъаметтиг. Хьанала къинхьегам. Литературин теори: турпалхо-дийцархо, Композици.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	С. Курумова. «Дохк» (кийсак). Даймехкан Iаламна а, лаьмнийн къинхьегамхошна илли. Литературин теори:: пейзаж гайтаран исбаьхьаллин гIирсаш Окуев Ш. «Сан хьоме Нохчийчоь». Даймахке безам. Патриотизман синхаам.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Ахмадов М. «Кхаа вешех туьйра» (дийцар). Тешамах, декхарх лаьцна дийцар. Сийлахь Даймехкан тIеман фронтера кхаа вешега хьоьжу йиша. Литературин теори: психологизм (дуьххьарлера кхетамаш). Чоьхьара монолог. Дийцаран фольклоран мукъамаш.	3	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**56**	**2**	**4**	
Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература					
3.1.	Пушкин А. С. «Iаьнан Iуьйре» (А. Сулеймановс гочийнарг). Альфонс Доде «ТIаьххьарлера урок» (дийцар). Хьехархо а, дешархо а. Беран чоьхьара дуьне.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**2**	**0**	**0**	
Раздел 8. ЖамIдаран таллар					
8.1	Сочинени	2	0	2	
8.2	Проект	2	0	2	

8.3	Контрольни болх /Тестировани/	1	2	0	
8.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1	0	0	
Дерриг:		**6**	**2**	**4**	
Программица сахьтийн барам		**68**			

8 КЛАСС (68 сахьт)

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цІераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс.
		Декъан сахьташ	Талламан белхаш	Кхолларалл белхаш	
	Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла.				
1.1.	«Таймин Биболатан илли». «Эвтархойн Ахьмадах илли». Халкъан турпалаллин иллеш кхолладаларан истори. ГІарабевллачу иллиалархоша аларехь иллешка	4	0	1	https://desharkho.ru/

	ладогIар. Турпалаллин иллешкахь къоман коьрта хиламаш гайтар, оьздангалла чIагIйар, коьрта персонажийн турпала белхаш хастор, къоман мостагIашца болу къийсам, халкъашна йукъара доттагIалла гайтар. Иллин чулацам, композици, исбаьхьаллин башхаллаш. Оьрсийн былинийн ритмикин-мукъамийн башхалла нохчийн эпосца йустар. Адамийн дахарехь иллино дIалоцу меттиг.				http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**4**	**0**	**1**	
Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш					
2.1.	Бадуев С. «Олдам» (повесть). Коьртачу турпалхочух къахетаран тема. Турпалхочун чоьхьара сингаттам. Декачу олхазарх лаьцна дийцаран философин маьIна. Дийцаран идейн чулацам белларехь цуьнан маьIна.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.2	Мамакаев М. «Лаьмнийн дийцар»; «Пондар» (стихотворени). Лирически турпалхочун синхаамаш гайтар. Сулаев М. «Цавевза доттагI»; «Органан йистехь» (стихотворени). Нохчийн къоман Iадаташ: некъан а, шовданан а тIаламе йукъаметтиг а, доладар а. Са ца лоьху гIуллакхаш. Оьздангаллин декхар. Литературин теори: Композицин шатайпаналла, лирикин тематически а, жанрийн а шорталла. Пейзажан а, философин а лирика.	5	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.3	Сулейманов А. «Дог дохден цIе» (стихотворени); «Дахаран генаш»/ (поэма). Кхерчан йовхо, хьошалла. Поэмин лирически турпалхочун Даймахках, ламастех, сийх, доьналлех йолу ойланаш. Лирически турпалхочун догдикалла, адаман Iеса ойланаш цIанйан лаам хилар. Шайхиев I. «Дарцан буса» (стихотворение). ДоттагIаллин, вовшийн гIо даран, зеран, тешаман тема. Фольклоран тIеIаткъам.	5	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Арсанукаев Ш. «Тимуран тур», (драма). Йуккъерчу бIешарийн ламанхойн дахаран Iер-дахаран башхаллаш гайтар. Къоман маршо мехала йу массо	4	0	0	https://desharkho.ru/

	хIуманел. Къоман маршонехьа къийсам латточу турпалхойн васташ. Кхечу махкарчу дIалецархошца къизачу къийсаман луьра суьрташ. Теория литературы: драмин жанр.				http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Хамидов I. «ДIа – коч, схьа – коч» / (дийцар). Нохчийн литературехь юмор. Адаман синсакхталлаш Iорадахаран говзалла. Литературин теори: юмор, сатира.	4	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Ясаев М. «Тянь-Шанан лаьмнашкахь» («Хьоме йурт» повестан йукъара кийсак). Адамашна а, чIир эцаран Iадатана а йукъара ира дуьхь-дуьхьалкхетарш. Даймахке а, хьомечу йуьрте а сатийсар. Куьйгебахийтаран мах. Литературин теори: повестан жанр.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Яшуркаев С. «МаьркIаж-бодан тIехь кIайн хьоькх» / (дацдина). Спецпереселенцийн луьра а, сингаттаме а денош. Къоначу йоь1ан аматехь Даймехкан васт гайтаран маь1на. Халачу хьелашкахь коьртачу турпалхочун амал д1ах1оттар. Турпалхочун а, Даймехкан а кхолламийн уьйр. Теория литературы: Метафора. Символ. Композици.	5	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Абдулаев Л. «Маьлхан каш» (поэма). Поэмехь ширачу заманан гайтар. Кхечеран синош кIелхьардохуш шен са дIадалар. Шайн йуьртахойн синош уьнах лардархьама, шайн дайн кхерч дIатесначу уьнхошна гимн.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Бексултанов М. «Дика ду-кх хьо волуш»; «Дари»/ (дийцарш). Дешархойн дахар, церан йукъаметтигаш, турпалхойн чоьхьара дуьне, оьздангаллин кхетам.	4	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Бисултанов А. «ДегIаста»; «Халкъан илланчина» (стихотворени). Даймохк хестор. Машар, доьналла, майралла хастор. Халкъан илли, халкъан иллиалархо, къонах – халкъан дахарехь церан маьIна.	6	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Гацаев С. «Кавказ» (стихотворени). Даймехкан безам гайтарехь вастийн шатайпаналла. «БІаьстенца къамел» (поэзи). Пейзажан лирика. Іаламан а, адаман уьйр. Хасбулатов Я. «Дош» /; «Стаг хилла ваьллахь хьо ара». Дешан ницкъах а, маьІнех а оьздангаллин категорех санна. Литературин теори: метафора, васт.				
	М. Ахмадов «Лаьтта тІехь лаьмнаш а хІиттош» (повесть). Ахмадов Мусан говзарийн коьрта проблемаш, теманаш, турпалхой. Ахмадов Мусан кхолларалле хьажар: дайн Іадаташна а, вайзаманан лехамашна а йукъара Іоттабаккхам, чолхечу дахаран галморзахаллаш, адаман йукъара эхь-бехк дІадалар, Іадаташ ларцадар, къоман Іадаташка лерам цахилар – къоман бохам бу, йаздархочун кхайкхам: оьздангаллех ца духуш, дахаран халонех чекхдовлар. «Лаьтта тІехь лаьмнаш а хІиттош» цІе йолчу повестан чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а. Ахмадов Мусан прозин исбаьхьаллин башхаллаш. Литературин теори: повестан жанр, символ.	3	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Сатуев Х. «Нашха» (поэма). ХХ бІешаран йуххьехь Нохчийчуьра исторически хиламаш. Деникинцашца къийсам латтош вовшийн гІо дар а, турпалалла а. Литературин теори: повесть, символ.	3	1	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Классал арахьара дешар.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**55**	**2**	**4**	
Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература					

3.1.	Ладо Авалиани. «Хьаькхна буц». Машар а, адамалла а, адамийн дахарехь церан мах а. Багратионан къонахалла, нохчийн тIемалоша лелийна сийлахь гIиллакх.	3	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**3**	**0**	**0**	
Дакъа 8. ЖамIдаран таллар					
8.1	Сочинени	2	0	2	
8.2	Проект	2	0	2	
8.3	Контрольни болх /Тестировани/	1	2	0	
8.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1	0	0	
Дерриг:		**6**	**2**	**4**	
Программица сахьтийн барам		**68**			

9 КЛАСС (66 сахьт)

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цIераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс.
		Декъан сахьташ	Талламан белхаш	Кхоллараллин белхаш	
	Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла				
1.1.	Турпалаллин иллеш «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли». «Аьккхийн Жанхотан илли». «Таркхойн кIентан, Жерочун кIентан, Жумин Акхтулин илли». Туьйранаш «Чинг1аз», «Алхаст а, Маьлха-Аьзни а». Шира дийцарш, аларш. Шира дийцарш «Къиза Iадат», «Шотойн Аьстамар», «Исмайлин Дуда» Кицанаш, хIетал-металш. Назма/ Динан поэзин жанр (жанрашка хьажар).	10	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**10**	**0**	**1**	
Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш					
2.1.	1. Дудаев, М. Сальмурзаев, А. Нажаев, Ш. Айсханов нохчийн литературин бухбиллархой - йаздархойн кхолларалла. Поэзига, прозига хьажар.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.2	Айсханов Ш. «Мало-хало (дийцар). Къинхьегам малонна дуьхь-дуьхьалхIоттор. Хьанал къахьегар кхиор а, Iер-дахаран ойла йар. Литературин теори: беламе дийцаран жанр.	3	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.3	С. Бадуев. «Бешто» (повесть). Йукъараллин Iер-дахар а, гIиллакхаш а. Ирча кхоллам. Повестан оьдангаллин аспект. Хьарам-хьанал ца къастош хьал-бахам гулдар Iорадаккхар.	3	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	Литературин теори: повестан жанр.				
2.4	Мамакаев I. «Дерриге а тIамна»; «Даймехкан тIом болчохь» (стихотворенеш); «Турпалчу танкистан доьзал» (очерк). Мамакаев М. «И йоьлхуш яц»; «КIиллочунна» (стихотворенеш). Сулаев М. «ГIовтта; «Малх тоьлур бу» (стихотворенеш); Эдилов Х. «Суьрте»; «Кавказан аьрзу»; «ТIемало – хьуна» (стихотворенеш). Гадаев М. «Даймехкан лоьмашка»; «ДоттагIашка». Турпалалла. ДоттагIалла. Мамакаев I. «Кавказан латта»; «ЙоIе»; «Даге»; «Сайн кIанте» (стихотворенеш); «Нохчийн лаьмнашкахь» (поэма). Поэтан кхолларалле хь Даймехкан а, хьомечу Iаламан а васташ. Лирически турпалхочун Даймахке болу безам, цуьнан дахаран Iалашо - иза халкъе болу чIогIа безам, цунна гIуллакх дар. Йукъараллин дахарехь а, поэзин дIахIоттамехь поэтан Iалашо, «Нохчийн лаьмнашкахь» поэма йешар а, йийцаре йар а. Персонажийн синцIеналла. Къоман ламасташ лелор а, коьртачу персонажийн бохаме кхоллам. ДогцIеначу безамна а, халкъан чIиръэцаран къизачу Iадатана а йукъара контраст. «Кегийчу нехан декъазчу безаман трагизм муьлхарниг йу» бохучу хаттарна жоп лахар. Поэмехь лирически а, трагически а дерг. Стихан а, меттан а башхаллаш. Литературин теори: лирически а, эпически а поэма.	16	1	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.5	М. Сулаев. «Сай»; «Сох муха эр ду адам»; «ДоIа» (стихотворенеш), «Лаьмнаша ца диццо» (романа йукъара дакъош). 1940-1960 шерашкахь, къоман дахаран уггар халачу муьрашкахь адамийн кхолламаш. Дена а, йоьIаршна а йукъара йукъаметтигаш. Къоман ламасташ лардар а, керлачу Iадаташца даха лаар а. Товсолтан кхолламан трагизм. Романан коьртачу персонажийн кхолламашкахь сингаттаме мукъамаш.Литературин теори: романан жанр.	7	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.6	Хамидов I.-Хь. «Лийрбоцурш. / (стихашкахь драма). Фашистийн мехкашдIалецархошна дуьхьал къийсам латтош, Даймохк ларбан дIахIиттинчу советски салтийн турпалалла а, доьналла а. Тайп-тайпана къаьмнийн векалша йукъахь -советски салташна йукъахь долу доттагIалла. Драмин васташ кхолларан гIирсаш. Драмехь мостагIчун амат. Советски	5	0	1	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/

	тIемалойн а, мостагIийн а васташ кхолларехь драматурган говзалла. Литературин теори: драмин жанр.				
2.7	Гацаев С. «Буьйса хаза, буьйса тийна»; «БIаьсте кхечи»; «ХIай, йоI, делхьа, собарде» (стихотворенеш). Пейзажан лирика. Адамах а, Iаламах а лаьцна поэтан ойланаш. Адаман са а, Iаламан дуьне а. Лирически турпалхочун синан хьал гойту Iаламан суьрташ. Хиламан хIора мIаьргонан хазалла гайтарехь поэтан говзалла.	3	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.8	Р. Супаев. «Вайнехан халкъан иллеш». Йуьхьшен кхолларехь халкъан поэзин меттиг, чоьхьарчу дуьненна а, оьздангаллин хьежамашна а бен тIеIаткъам. Литературин теори: Литературехь фольклоран ламасташ. «Буьйса йу беттасе». Буьйсанан Iаламан хазалла. Пейзажан лирика.	2	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
	Талхадов Х. «Шийла дарц цIевзинчохь». Майраллех, доьналлех, нийсо лахарх, дахаре болчу безамах лаьцна. Литературин теори: эпитет, символ. «Сан ненан маттахь ас йазйо». Ненан мотт хааран а, ларбаран а ладамалла, цуьнга болу безам.	3	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
2.9	Гайтукаева Б.«Зама», («Хьан цIийнах йара-кха со, Нохчийчоь, хьан цIийнах йара»). ТIебогIучу бохамна сагатдар а, Даймохк ларбан лаар а. Поэт а, зама а. Поэзехь шайхаллин тема.	4	0	0	https://desharkho.ru/ http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**48**	**2**	**3**	
Дакъа 3. Кхечу къаьмнийн литература					
3.1.	М.Ю. Лермонтов «Валерик» (поэма). ТIом а, машар а. ТIом цабезар.	2		0	https://desharkho.ru/http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/ https://ps95.ru/dikdosham/ru/
Дерриг:		**2**	**0**	**0**	
Дакъа 8. ЖамIдаран таллар					
8.1	Сочинени	2	0	2	

8.2	Проект	2	0	2	
8.3	Контрольни болх /Тестировани/	1	2		
8.4	Шеран стандартизированни контрольни болх	1			
Дерриг:		**6**	**2**	**4**	
Программица сахьтийн барам		**66**			